



KONSIY PWOVIZWA POU SEVIS MANJE ANPLENNE AK SEVIS MANJE POU ANPÒTE / LIVREZON MANJE PANDAN IJANS SANTE PIBLIK COVID-19 LA

Lè ou li dokiman sa a, ou ka afime nan pati ki anba a.

Nandat 26 jwen 2020

Objektif

Konsiy pwovizwa pou sèvis manje anplennè ak sèvis manje pou anpòte / livrezon manje pandan Ijans Sante Piblik COVID-19 la ("Konsiy pwovizwa pou sèvis manje anplennè ak sèvis manje pou anpòte / livrezon manje pandan Ijans Sante Piblik COVID-19") te kreye pou bay pwopriyetè / operatè sit sèvis manje anplennè ak sèvis manje pou anpòte / livrezon manje ak anplwaye ak kontraktè yo, prekosyon pou ede yo kont pwopagasyon COVID-19 la pandan sit sèvis manje anplennè ak sèvis manje pou anpòte / livrezon manje yo ap reouvri.

Konsiy sa aplike pou tout restoran ak etablisman sèvis manje, ki genyen ladan yo kamyon manje, ak lòt konsesyonè manje. Nan rejyon ki pa ko atenn Faz 1 oswa ki nan Faz 1 yo, etablisman sa yo ka fonksyone sèlman ak sèvis pou anpòte ak livrezon. Nan rejyon ki atenn Faz 2 yo, etablisman sa yo ka ouvri espas anplennè ak chèz pou kliyan yo (sètadi espas pou dine ak ba anplennè yo ka ouvri pou kliyan yo), depi kliyan sa yo ka chita sou tab ki gen distans ki apwopriye. Anplis, restoran ki gen ba anplennè pou moun chita ka ouvri espas la, depi kliyan yo ka nan distans ki apwopriye. Konsomasyon nenpòt manje ak / oswa bwason sou plas dwe fèt nan tab oswa ba nan espas anplennè sa yo.

Konsiy sa yo se jis egzijans minimòm e nenpòt anplwayè lib pou bay prekosyon anplis oswa ajoute restriksyon. Konsiy sa yo baze sou pratik sante piblik ki plis popilè yo nan moman faz I reouvèti Eta a, epi dokiman konsiy sa yo baze sou li a ka chanje epi l chanje souvan. Pati Responsab yo – jan sa defini anba a – responsab pou respekte tout egzijans lokal, etatik ak federal yo pou sèvis manje anplennè, sèvis manje pou anpòte / sèvis livrezon manje. Pati Responsab yo responsab tou pou rete okouran de tout mizajou ki fèt nan egzijans sa yo, epi mete yo nan tout aktivite biznis ki vann an detay ak/oswa plan sekirite sit pou ramasaj sou twotwa ak magazen.

Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers of Disease Control and Prevention), Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini (U.S. Food and Drug Administration) an, ak Sekirite Pwofesyonèl ak Administrasyon Sante, Depatman Travay Etazini (United States Department of Labor's Occupational Safety and Health Administration) an pa okouran de okenn rapò ke COVID19 la ka transmèt nan manje. Men, yo atann pou respè Kòd Sanitè Eta NY pou etablisman sèvis manje yo ansanm ak lòt egzijans yo idantifye nan kad ensiy sa yo bay pwoteksyon ase kont COVID-19.

Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202, ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab minimize pwopagasyon an pi plis, nou dwe kenbe yon distans sosyal pou pi piti 6 pye ant moun yo, kote sa posib.

Nan dat 16 mas 2020, Gouvènè Cuomo te soti Dekrè Egzekitif 202.3, ki limite tout konsomasyon manje ak bwason sou plas nan etablisman manje ak bwason nan tout eta a.

Nan dat 20 mas 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.6, ki òdone pou tout biznis ki pa esansyèl yo fèmen fonksyon pèsònèl nan biwo yo. Biznis ki esansyèl yo, jan enstriksyon, Kòporasyon Devlopman Empire State (Empire State Development Corporation, ESD) yo, pa t soumèt ak limitasyon an pèsòn, men toutfw, yo te jwenn lòd pou yo konfòme yo anba enstriksyon ak direktiv ki soti nan Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la ki mande pou yo kenbe yon anviwònman travay ki pwòp epi sekirize, epi yo te mande yo kenbe mezi distans sosyal yo nan mezi ki posib.

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.16, ki òdone biznis esansyèl yo bay anplwaye ki prezan nan espas travay yo, yon kouvèti vizaj, san peye, ki dwe itilize lè yo an kontak dirèk ak kliyan oswa manb ki nan piblik la pandan y'ap travay. Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.17, ki òdone ke nenpòt moun ki gen pase dezan e ki kapab tolere yon kouvèti vizaj dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa yon twal lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa lè yo p'ap kenbe, distans sosyal yo. Nan dat 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.18, ki òdone ke tout moun k'ap itilize transpò piblik oswa prive oswa lòt veyikil lokasyon, ki gen plis pase dezan e ki ka tolere yon kouvèti vizaj, dwe mete mask oswa kouvèti vizaj ki kouvri depase nen an ak bouch la pandan vwayaj sa a.. Li òdone tou nenpòt operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive pou mete yon kouvèti vizaj oubyen mask ki kouvri nen an ak bouch la pandan gen anpil pasajè nan veyikil sa. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.34, ki otorize dirijan / pwopriyete biznis ki gen otorite yo pou refize aksè pou moun ki pa respekte egzijans kouvèti vizaj oswa mask la.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yon apwòch an plizyè faz pou ka retounen ouvri endistri ak biznis yo nan New York pa faz ki baze sou yon analiz rejyonal an fonksyon done yo. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a te pèmèt pou analiz rejyonal la konsidere plizyè faktè sante piblik, ki enkli nouvo ka enfeksyon COVID-19 yo, ansanm ak sistèm swen sante a, tès dyagnostik yo, ak kapasite pou trase kontak yo. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke premye faz nan rewouvèti a ta pral kòmanse nan dat 15 me 2020 nan divès rejyon New York, ki baze sou mezi ak endikatè rejyonal ki disponib yo.

Anplis nòm sa yo, ni biznis esansyèl ak biznis ki pa esansyèl yo dwe kontinye konfòme ak konsiy ak enstriksyon sa yo pou kenbe anviwònman travay yo pwòp e sekirize ke DOH te pibliye.

Tanpri note sa byen, kote konsèy ki nan dokiman sa a diferan de lòt konsèy dokiman Eta New York te pibliye yo, sa ki plis resan an dwe aplike.

Nòm pou Responsab sèvis manje anplennè ak manje pou anpòte / livrezon manje nan Eta New York

Okenn operasyon sèvis manje anplennè ak sèvis manje pou anpòte / livrezon manje san respekte minimòm nòm sa yo de Eta a, ansanm ak egzijans federal aplikab, ansanm ak, men ki pa limite ak sa, nòm minimòm Lwa sou Ameriken ki Andikape yo (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) nan Deptaman Travay Ameriken an (United States Department of Labor).

Nòm Eta a ki konsiy sa a aplike pou tout aktivite sèvis manje anplennè ak sèvis manje pou anpòte / livrezon manje ki an mach yo pandan ijans sante piblik COVID-19 la jiskaske yo anile oswa modifye pa Eta a. Dirijan sit sèvis manje anplennè ak sèvis manje pou anpòte / livrezon manje yo, oswa lòt pati jan responsab la ka deziyen l lan (nan nenpòt ka, "Pati Responsab yo"), ap responsab pou respekte nòm sa yo.

Konsiy sa a òganize sou twa kategori diferan: moun, espas, ak pwosesis.

I. Moun

A. Distans Fizik

- Objektif konsiy sa, 'espas anplennè' defini kòm yon espas ouvè ki fèt pou konsomasyon manje ak / oswa bwason, ki ka genyen yon kouvèti tanporè oswa fiks (pa egzanp ovan oswa twati) depi kouvèti sa genyen omwen sis pye ak nenpòt ki tab, chèz, patwon, oswa sikui pou pyeton oswa koridò; men si yon ba oswa restoran ap chèche itilize espas piblik kotakot (pa egzanp twotwa) konfòmman ak Dekrè Egzekitif 202.38, ki se minisipalite local la, si li otorize izaj sa, ka detèmine espas ant tab yo pa rapò ak sikui pou pyeton oswa koridò yo dapre yon konsiderasyon sou volim trafik pyeton sou twotwa yo, disponiblite espas twotwa a, epi evite konjesyon ki pa nesèsè, oswa an menm tan, minisipalite local la ka egzije ba oswa restoran an pou mete yon baryè fizik a omwen senk pye nan wotè si yo pa ka kenbe sis pye distans ant tab yo ak yon sikui pyeton oswa yon koridò.
- Pati responsab yo dwe asire ke gen yon kapasite entèn ki ka pèmèt patwon yo ki ka bezwen antre oswa soti nan espas entèn nan pou gen aksè nan espas ekstèn nan, twalèt oswa plas pou peye a epi pèmèt aksè nan yon fason ki bay distans sosyal.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke gen yon distans pou pi piti sis pye kenbe pami anplwaye yo tout tan, sof si sekirite aktivite prensipal la egzije yon distans ki pi kout (egz: manevre kès lajan, deplase ak leve machandiz). Kèlkeswa distans fizik la, Pati responsab yo dwe asire ke tout anplwaye yo mete yon kouvèdi vizaj ki akseptab tout tan. Patwon yo dwe mete kouvèti vizaj tout tan, sof pandan yo chita; depi patwon an depase laj de zan e li kapab tolere kouvèti sa sou plan medikal.
 - Kouvèti vizaj akseptab pou COVID-19 la yo se, men yo pa limite a sa sèlman, kouvèti vizaj ki fèt ak twal ak mask ki kouvri ni bouch ak nen an.
 - Men, kouvèti ki fèt an twal, ki ka jete, oswa lòt kouvèti vizaj ki fèt lakay yo pa kouvèti vizaj ki akseptab pou aktivite nan espas travay ki egzije yon nivo pwoteksyon ki pi wo pou ekipman pwoteksyon pèsònèl akòz nati travay la. Pou aktivite sa yo, respiratè N95 oswa lòt ekipman pou pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment, PPE) ke yo itilize dapre nòm endistri ki egziste yo ta dwe kontinye itilize, menm jan sa defini selon konsiy OSHA yo.
- Pati responsab yo dwe asire ke kapasite anplennè a limite a kantite tab ki ka ranje nan fason ki sekirize epi apwopriye pou chak tab a yon sis pye pou pi piti youn ak lòt.
- Pati ki responsab yo dwe asire ke tab anplennè ak chèz pou kliyan yo separe a sis pye pou pi piti nan tout direksyon. Kèlkeswa kote distans lan pa ka fèt ant tab yo, Pati Responsab yo dwe dekrete baryè fizik ant tab sa yo. Baryè fizik yo dwe omwen senk pye nan wotè e yo pa dwe bloke sòti ijans ak / oswa dife yo.
 - Pati Responsab yo dwe pèmèt kliyan yo chita nan zòn ba anplennè yo, depi yo ka kenbe yon distans si pye pou pi piti ant pati yo (sètadi gwoup patwon yo).
 - Pati Responsab yo dwe asire ke pèsònèl ki nan zòn ba a kenbe yon distans si pye pou pi piti youn ak lòt ak / oswa kliyan yo, lè li posib.
- Pati responsab yo ka mete kantite moun ke tab la ka pran chita nan yon sèl tab, ak yon maksimòm 10 moun pa tab.
 - Moun ki chita sou tab la dwe se manm menm pati a men ka soti nan kay ki diferan.

- Tab komen kote divès pati chita nan menm gran tab la otorize sèlman si yo kenbe yon distans si pye omwen ant pati yo.
- Pati Responsab yo dwe asire ke espas manje ak espas chita entèn yo fèmen pou kliyen yo, e yo p ap itilize yo.
 - Pati Responsab yo ka ofri aksè twalèt pou kliyan yo, depi yo fè pwomosyon distans sosyal yo andedan pandan y ap tann twalèt yo.
- Pati Responsab yo ka modifye itilizasyon ak/oswa diminye kantite espas travay yo ak syèj anplwaye yo, pou anplwaye yo ka sis pye pou pi piti nan tout direksyon (egz: kòt a kòt ak lè youn anfas lòt) epi pou yo pa pataje estasyon oswa espas travay san yo pa netwaye oubyen dezenfekte sa ki fin itilize. Lè distans lan pa fezab (pa egzant nan estasyon ramasaj, kès), Pati Responsab yo ka mete baryè fizik (pa egzant, miray pwoteksyon plastik) nan kote ki p ap afekte sikilasyon lè, chalè, frechè oswa vantilasyon) e yo pa dwe bloke sòti ijans ak / oswa dife yo.
 - Si yo itilize yo, baryè fizik yo ta dwe itilize konfòmman ak rekòmandasyon OSHA yo.
 - Chwa pou baryè fizik yo ka genyen ladan l: rido an band, pleksiglas oswa materyèl ki menm jan, oubyen lòt separatè oswa klwazon enpèmeyab.
- Pati Responsab yo dwe entèdi itilizasyon ti espas (egz: frizè oswa ti chanm depo) pa plis pase yon moun alafwa, sof si tout anplwaye ki nan espas sa a an menm tan, ta mete kouvèti vizaj ki akseptab. Men, menm si yo mete kouvèti vizaj, okipasyon an pa dwe depase 50% kapasite maksimòm espas la, sof si l fèt pou l itilize pa yon sèl moun. Pati Responsab yo ta dwe ogmante vantilasyon an ak lè eksteryè a nan pi wo nivo posib (egz: ouvèti fenèt ak pòt kwizin), pandan y'ap kenbe pwotokòl sekirite yo.
- Pati Responsab yo ta dwe meteanplas mezi pou diminye sikilasyon a pye nan tou de direksyon pandan y'ap itilize tep oswa pano ak flèch nan lale ki jis, koulwa oswa espas, epi afiche pano ak makè distans ki endike espas sis pye nan tout espas ki itilize souvan ak nenpòt espas ki gen liy ki fèt souvan oswa kote moun ka rasanble (egz: pòs pou kòmanse travay/fin travay, pòs depistaj, sal repo)
 - Pati Responsab yo dwe siyalie espas sis pye a klèman nan:
 - Tout liy pou kliyan k ap tann kòmand, priz manje, pou chita, oswa itilize twalèt (pa egzant itilize tep); ak
 - Tout plas pou pran oswa peye (pa egzant, kontwa, tab, kès).
- Pati Responsab yo dwe deziyen antre /sòti pou kliyan yo epi separa antre / sòti pou anplwaye yo, kote ki posib.
- Pati Responsab yo dwe ankouraje kliyan yo tann nan machin yo oswa deyè nan yon distans sosyal ki apwopriye jiskaske manje a prè pou pran l oswa jiskaske yo prè pou chita.
- Pati Responsab yo ta dwe ankouraje kliyan yo plase kòmand anliy oswa pa telefòn.
- Kote ki posib, Pati Responsab yo dwe pèmèt kòmand, pèman san kontak, livrezon, epi pèmèt rekiperasyon epi / oswa mete espas rekiperasyon sou twotwa.
 - Lè li posib pou gen pèman san kontak, Pati Responsab yo dwe minimize itilizasyon pòt biyè epi prezante resi an papye sèlman.
- Pati Responsab yo dwe konsidere pèmèt kliyan k ap chita yo fè kòmand anvan pou limite kantite tan yo pase nan etablisman an.

- Pati Responsab yo dwe afiche pano nan tout plas la, ki an akò ak siyalizasyon DOH pou COVID-19 la. Pati Responsab yo ka devlope pwòp siyalizasyon pa yo ki espesyal pou espas travay yo a oswa anviwònman, depi siyalizasyon an an akò ak siyalizasyon Depatman an. Siyalizasyon an ta dwe itilize pou raple anplwaye ak patwon yo pou yo:
 - Kouvri nen ak bouch yo ak mask oswa kouvèti vizaj an twal.
 - Estoke kòrèkteman e, lè li nesèsè, jete ekipman pwoteksyon pèsònèl yo.
 - Respekte prensip distans sosyal fizik la.
 - Rapòte sentom oswa ekspozisyon COVID-19 la, epi kòman yo ka fè sa.
 - Swiv konsiy ijyèn men ak netwayaj ak dezenfeksyon yo.
 - Swiv ijyèn respirasyon ak etikèt pou touse ki apwopriye a.

B. Rasanbleman nan espas fèmen

- Pati Responsab yo dwe limite rasanbleman an pèsòn yo (pa egzanp, reyinyon anplwaye yo) nan limit ki posib, epi yo dwe itilize lòt metòd tankou konferans nan videyo oswa telefòn lè sa posib, konfòmman a enstriksyon CDC pase nan "[Enstriksyon Pwovizwa pou Biznis ak Patwon Travay yo pou Panifye epi Fè Entèkansyon pou Maladi Kowonaviris 2019](#)" (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)). Lè videyokonferans oswa telekonferans pa posib, Pati Responsab yo ta dwe fè yon reyinyon ouvè, nan espas ki gen bon lè epi asire ke moun yo kenbe sis pye distans sosyal ant youn ak lòt (eg: si gen chèz, kite espas nan mitan chèz yo, fè anplwaye yo chita nan chèz altène).
- Pati Responsab yo dwe konsidere fèmen komodite ak espas komen ki pa komen ki fè pwomosyon reyinyon oswa sifas touch yo (pa egzanp, distribitè otomatik, distribitè kafe komen yo).
- Pati Responsab yo dwe mete an plas pratik distans sosyal ki apwopriye nan ti espas, tankou twalèt ak sal repo yo, e yo dwe kreye siyalizasyon ak sistèm (egz: siyale lè w okipe) pou limite okipasyon an lè distans sosyal la pa ka kenbe nan espas sa yo.
 - Pati Responsab k ap fonksyone nan kamyon manje yo dwe mete anplas pratik sa yo nan limit ki posib.
- Pati Responsab yo dwe repati orè pou anplwaye yo obsève distans sosyal la (sa vle di, sis pye espas) pou nenpòt rasanbleman (pa egzanp: poz, repa, chanjman orè / arè).

C. Aktivite Espas Travay

- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou redwi kontak entèpèsònèl ak kongregasyon an, atravè metòd tankou:
 - Limite prezans fizik a sèlman sila nan staf la ki nesèsè yo;
 - ajiste orè plas travay yo;
 - redwi mendèv ki sou plas yo pou respekte konsiy distans sosyal yo;
 - konsepsyon evolutif (egz: ekip A/B, repati lè arive/depa);
 - priyoreze travay ki pèmèt distans sosyal plis pase sa yo ki pa pèmèt yo;
 - evite plizyè bann ak / oswa ekip k ap travay nan yon menm kote lè yo espase travay yo pwograme yo epi lè yo itilize siy pou endike zòn ki okipe yo; epi / oswa

- segmante epi fè aktivite yo pa batch, kote ki posib, pou moun yo ka respekte distans sosyal la epi diminye kantite men k ap touche ekipman yo an menm tan.
- Kote li pratikab, Pati Responsab yo dwe dekouraje anplwaye preparasyon manje yo chanje oswa antre nan estasyon travay lòt moun pandan chanjman orè yo, sof si yo pwòp oswa dezenfekte nan fason ki apwopriye, jan sa dwe ye.
- Pati Responsab yo ta dwe deziyen zòn travay diskre pou sèvi yo, si posib. Sèvi yo dwe sèvi zòn presi nan restoran an pou minimize pou youn pa monte sou lòt.
- Pati Responsa yo dwe ankouraje rezèvasyon kliyan yo pou chita, kote ki pratikab pou diminye rasanbleman patwon k ap tann pou chita oubyen pou yo sèvi yo.
 - Pati Responsab yo dwe bay kliyan yo aparèy (pa egzanp sirèn) pou bay alèt pou chita oubyen pou yon kòmand ki disponib, sof si aparèy sa yo byen netwaye epi dezenfekte ant chak itilizasyon.
 - Yo ankouraje Pati Responsab yo itilize anons odyo, mesaj tèks, oswa avi sou ekri pou kominike ak kliyan k ap tann yon kòmand oswa ki chita.

D. Mouvman ak Kòmès

- Pati Responsab yo dwe etabli espas ki deziye pou ramasaj ak livrezon, pandan y'ap limite kontak yo tout tan sa posib.
- Pati Responsab yo dwe limite entèraksyon (pa egzanp deziyen yon sòti pou travayè k ap kite travay la ak yon sòti separe pou travayè k ap kòmanse orè yo) ak mouvman (pa egzanp anplwaye yo dwe rete toupre estasyon travay yo pi souvan ke posib).
- Pou vandè ki bezwen vini nan lokal la yo, Pati Responsab yo dwe asire yon pwosesis youn alafwa, kote sèlman yon vandè livre yon pwodui alafwa, anplwaye yo netwaye epi dezenfekte sifas ki touche anpil yo, epi pwochen vandè a ka antre nan lokal la.
- Kote sa ka pratike, Pati Responsab yo dwe limite kantite antre nan kòmand pou (1) jere kantite trafik nan imèb la epi (2) fasilite depistaj sante, jan li dekri anba a pandan w ap kenbe konfòmite ak règleman sou sekirite kont dife ak lòt sa ki aplikab yo.
- Devlope yon plan pou moun yo kenbe sis pye distans sosyal pandan y ap fè liy andedan oswa deyò estabman an pou depistaj, jan sa aplikab.

II. ESPAS

A. Zòn kwizin

- Anvan ou retounen travay, Pati Responsab yo dwe fini verifikasyon anvan retou yo ak evalyasyon sistèm kwizin yo pou asire gen yon anviwònman ki sen epi san danje.
- Pati Responsab yo dwe asire pèsònèl kwizin yo mete kouvèti vizaj tout tan.
- Pati Responsab yo dwe konfigire kwizin yo pou kenbe distans sis pye a, nan limit ki posib.
 - Pati Responsa yo dwe espase orè yo, si posib, pou fè travay yo (pa egzanp preparasyon manje) anvan lè.

- Nan limit posib, Pati Responsab yo dwe asire pèsònèl kwizin yo dedye nan yon estasyon pandan tout orè yo (pa egzanp salad oswa griye oswa desè).
- Kote sa aplikab, Pati Responsab yo dwe etabli makè nan estasyon ak zòn travay yo ak tep atè a pou siyale distans sis pye a nan tout direksyon.
- Pati Responsab yo dwe ankouraje pèsònèl kwizin yo pou mete pwodui yo sou kontwa pou pwochen moun nan pran olye li pase pwodui yo de men an men.
- Pati Responsab yo dwe minimize pataj ekipman kwizin ant anplwaye yo (pa egzanp kouto, po, tòchon / sèvyèt), kote sa posib.

B. Ekipman Pwoteksyon

- Anplis de ekipman pwoteksyon pèsònèl ki nesèsè (PPE) jan yo egzije l pou kèk aktivite nan espas travay yo, Pati Responsab yo dwe genyen, fè oswa jwenn kouvèti vizaj akseptab epi bay anplwaye yo kouvèti sa yo san peye pandan yo nan travay. Pati Responsab yo ta dwe gen yon kantite kouvèti vizaj rezonab, mask ak lòt ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE) sou men pou si yon anplwaye ta bezwen ranplase oswa si yon vandè ta nan bezwen. Kouvèti vizaj ki akseptab yo gen ladan yo, men yo pa limite a sa sèlman, mask ki fèt ak twal yo (pa egzanp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foula), mask chirijik yo, respiratè N95 yo, ak mask pwoteksyon vizaj yo.
- Kouvèti vizaj yo dwe pwòp oswa ranplase apre l fin itilize e li pa ka pataje. Tanpri konsilte konsiy CDC a pou plis enfòmasyon sou kouvèti vizaj an twal ak lòt tip ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE), ansanm ak enstriksyon sou itilizasyon ak pwòpte.
 - Note byen kouvèti vizaj ki fèt an twal oswa mask ki ka jete yo pa dwe konsidere kòm kouvèti vizaj akseptab pou aktivite espas travay ki egzije yon pi wo degre pwoteksyon pou egzijans kouvèti vizaj. Pa egzanp, si respiratè N95 yo egzije tradisyonèlman pou aktivite komès espesifik ki vann an gwo, yon mask ki fèt an twal oswa lakay pa ka sifi. Pati Responsab yo dwe respekte nòm OSHA yo pou ekipman sekirite konsa.
- Pati Responsab yo dwe pèmèt anplwaye yo itilize kouvèti vizaj akseptab pa yo men yo pa ka egzije anplwaye yo bay pwòp kouvèti vizaj pa yo. Anplis, konsèy sa a p'ap anpeche anplwaye mete pwòp kouvèti pwoteksyon pa yo (egz: mask chirijikal, respiratè N95, oswa pwoteksyon vizaj), oswa si Pati Responsab yo egzije anplwaye yo mete plis pwoteksyon PPE akòz nati travay yo a. Anplwaye yo ta dwe konfòme ak tout nòm aplikab OSHA yo.
- Pati Responsab yo dwe asire ke tout pèsònèl yo mete kouvèti vizaj tout tan. Pati Responsab yo dwe asire pratik ijyèn men ak itilizasyon baryè ak men lib ki konfòm ak Kòd Sanitè Etatik ak Lokal yo.
 - Si anplwaye yo mete gan pandan aktivite preparasyon manje yo, Pati Responsab yo dwe:
 - Asire anplwaye yo remete gan yo souvan; epi
 - Ankouraje anplwaye yo chanje gan yo lè y ap chanje travay (pa egzanp sèvi kliyan yo pou kouvè ki pliye).
 - Si anplwaye yo pa mete gan, Pati Responsab yo dwe asire anplwaye yo lave epi / oswa pase dezenfektan pou men souvan.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke anplwaye k ap sèvi tab yo lave men yo ak savon ak dlo e, si y ap mete gan, ranplase gan yo, anvan ak apre yo netwaye epi dezenfekte tab yo.

- Pati Responsab yo dwe pèmèt kliyan yo antre nan etablisman yo sèlman si yo mete yon kouvèti vizaj ki akseptab; men depi kliyan an depase laj de zan e li ka tolere kouvèti sa sou plan medikal.
 - Pati Responsab yo dwe egzije kliyan yo mete kouvèti vizaj lè yo chita sou yon tab (pa egzanp lè y ap tann pou rekipere, plase kòmand nan kontwa oswa fenèt la, mache pou ale / soti nan tab la, mache pou ale / soti nan twalèt la).
 - Depi yo chita, Pati Responsab yo dwe ankouraje, men pa egzije kliyan yo mete kouvèti vizaj lè yo p ap manje epi / oswa bwè.
- Pati Responsab yo dwe mete anplas mezi pou limite pataj objè, tankou istansil kwizin, plim ak blòk, ansanm ak touche sifas moun pataje, tankou manch pòt ak ekran; oswa, egzije travayè yo mete gan (ki apwopriye pou komès oswa medikal) lè yo an kontak ak objè pataje oswa sifas moun touche souvan; oswa, egzije travayè yo dezenfekte men yo avan e apre kontak.
- Pati Responsab yo dwe fòme anplwaye yo sou kijan pou byen mete, retire, netwaye (si sa aplikab), ak jete PPE yo, ansanm ak kouvèti vizaj apwopriye men sa pa limite a tout.

B. Ijyèn, Netayaj ak Dezenfektasyon

- Pati Responsab yo dwe asire respè egzijans ijyèn ak asenisman yo jan CDC ak DOH te mande sa, ki enkli "Konsiy pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak postè "SISPANN PWOPAGASYON AN" (STOP THE SPREAD), jan sa aplikab. Pati Responsab yo dwe kenbe jounal netwayaj ki gen dat, lè, ak espas k'ap netwaye epi dezenfekte a.
- Pati Responsab yo dwe bay e kenbe estasyon ijyèn men nan espas la, konsa:
 - Pou lave men: savon, dlo cho, papyè jetab ak yon poubèl.
 - Pou dezenfekte: yon dezenfektan men a baz alkòl ki gen pou pi piti 60% alkòl pou espas kote lave men p'ap ka disponib oswa pratike.
 - Pati Responsab yo dwe mete dezenfektan pou men ki disponib nan tout kote yo touche souvan yo (pa egzanp twalèt deyò yo). Yo ta dwe mete yo nan kote ki adekwa, tankou nan antre, soti, kès yo. Distribitè otomatik san touche yo ta dwe enstale kote ki posib.
 - Nan kamyon manje ak konsesyonè kote Pati Responsab yo pa kapab bay estasyon dlo k ap koule, anplwaye yo dwe mete gan oswa itilize dezenfektan pou men regilyèman epi kontinye reponn ak egzijans jesyon manje ak ijyèn federal, etatik ak lokal yo.
- Pati Responsab yo dwe plase siyal toupres estasyon dezenfektan pou men yo ki endike ke men ki parèt sal dwe lave ak savon ak dlo; dezenfektan pou men an pa efikas sou men ki parèt sal.
- Mete panye nan tout sit la pou jete pwodui ki sal yo, ki enkli PPE yo.
- Pou rekipere / livrezon, Pati Responsab yo dwe:
 - Bay estasyon ijyèn pou kliyan k ap tann manje ak / oswa bwason yo;
 - Asire pèsònèl la lave men yo ak savon ak dlo oswa itilize dezenfektan pou men, e si pèsònèl la itilize gan, ranplase yo regilyèman; epi
 - Asire si rekiperasyon / livrezon an andedan / nan espas ki fèmèn, fenèt ak / oswa pòt yo ouvri pou pèmèt gen vantilasyon.

- Pati Responsab yo dwe bay materyèl netwayaj ak sanitasyon ki apwopriye pou sifas moun pataje ak sifas moun touche souvan epi ankouraje anplwaye yo itilize materyèl sa dapre enstriksyon fabrikan an pou yo itilize yo avan e apre yo fin itilize sifas sa yo, apre pou yo pratike ijyèn men.
- Pati Reponsab yo dwe fè netwayaj ak sanitasyon regilye sit la ak netwayaj ak sanitasyon pi souvan pou espas ki gen gwo risk plizyè moun itilize ak sifas moun touche souvan yo. Netwayaj ak dekontaminasyon an dwe byen fèt epi kontinye e sa ta dwe fèt pou pi piti chak uit èdtan, chak jou, oswa pi souvan dapre bezwen. Tanpri konsilte "[Konsiy Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH yo pou kapab jwenn enstriksyon ki detaye sou jan pou netwaye etablisman epi dezenfekte etablisman yo.
 - Pati Responsab yo dwe asire netwayaj ak dekontaminasyon twalèt yo regilye. Twalèt yo ta dwe netwaye epi dezenfekte pi souvan tou depann de nivo yo frekante l.
 - Pati Responsab yo dwe asire règleman distans sosyal yo respekte lè yo itilize siyal, makè okipe oswa lòt metòd pou diminye kapasite twalèt yo kote li fezab.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke ekipman ak zouti yo netwaye epi dezenfekte regilyèman lè yo itilize dezenfektan ki otorize, ki se omwen osi souvanke anplwaye yo chanje estasyon travay oswa chanje yon nouvo seri enstriman. Sèvi avèk [lis pwodwi](#) Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ki anrejistre nan Eta New York yo epi EPA idantifye kòm efikas kont COVID-19 la.
 - Si netwayaj oswa dekontaminasyon pwodwi oswa lefèt ke netwayaj ak dezenfeksyon lakoz pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl oswa ekipman yo, Pati Responsab yo dwe mete an plas estasyon ijyèn pou men ant chak itilizasyon epi / oswa bay gan ki ka jeteak / oswa limitasyon sou kantite anplwaye k ap itilize ekipman sa.
 - Pati Responsab yo dwe bay netwayan ak dezenfektan pou netwaye epi dezenfekte zòn ki ekspoze yo nan ka yo konfime yon moun genyen COVID-19, ki enkli omwen tout zòn ki gen anpil mouvman ak sifas yo touche anpil (pa egzanp enstriman ki pataje, ekipman, machin, estasyon travay, klavye, telefòn).
- Konsiy CDC pase sou "[Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman w lan](#)" si yo sispèk yon moun oswa te konfime yon moun gen enfeksyon COVID-19 yo jan nou pral site la:
 - Fèmen izaj espas la pa moun yo sispèk oswa yo konfime ki genyen COVID-19 la.
 - Zòn ki afekte a dwe fèmen epi netwaye epi dezenfekte.
 - Si yo sispèk oswa konfime yon anplwaye yon kamyon manje genyen COVID-19 la, kamyon manje a dwe fèmen jiskaske li netwaye epi dezenfekte.
 - Ouvri pòt ki bat sou deyò ak fenèt pou ogmante sikilasyon lè nan espas la.
 - Tann 24 èdtan avan ou netwaye oswa dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, tann tout tan w kapab.
 - Netwaye epi dezenfekte tout espas moun yo sispèk oswa yo konfime ki gen COVID-19 la te itilize, tankou biwo, twalèt, espas komen, ak ekipman li te pataje.
 - Depi espas la fin byen netwaye epi dezenfekte kòm sa dwa, li ka reouvè pou itilize.
 - Travayè ki pa gen kontak pre ak moun yo sispèk oswa yo konfime ki gen COVID-19 la ka retounen nan espas travay la imedyatman apre netwayaj ak dekontaminasyon an.
 - Ale nan "[Konsiy pwovizwa pou anplwaye piblik ak prive k ap retounen travay apre enfeksyon oswa ekspozisyon ak COVID-19 la](#)" DOH la pou enfòmasyon sou kontak ki "pwoch".

- Si plis pase sèt jou pase depi moun yo sispèk oswa yo konfime ki genyen COVID-19 la te vizite oswa itilize an, pa bezwen gen netwayaj ak dekontaminasyon anplis, men netwayaj ak dekontaminasyon woutin yo dwe kontinye.
- Pati Responsab yo dwe entèdi manje ak bwason pataje pami yo, ankouraje moun pote manje ki sot lakay yo, epi rezève ase espas pou anplwaye pratike distans sosyal la pandan repa yo.
- Pati Responsab yo dwe asire ke tout kondiman yo bay yo kliyan yo dirèkteman nan vesò ki pou itilize yon sèl fwa, oswa vesò ki ka reutilize ki netwaye epi dezenfekte regilyèman, nan fason ki ideyal apre itilizasyon chak pati.
- Pati Responsab yo dwe asire ke yo bay envite yo papye, meni i ka jete ak oswa ke meni yo afiche sou tablo blan / tablo lakrè / televizyon / pwòjektè kote ki posib. Si pa gen meni ki pa ka jete ki itilize, Pati Responsab yo dwe netwaye epi dezenfekte meni yo apre itilizasyon chak pati.
 - Pati Responsab yo dwe ankouraje kliyan yo gade meni yo anliy (pa egzanp sou smartphone oswa aparèy elektwonik yo) kote ki posib.
- Pati Responsab yo dwe itilize kouvè ki deja anbale, oswa ki pliye. Kouvè a dwe pliye anvan pandan y ap mete mask ak gan yo.
- Pati Responsab yo pa dwe ofri oswa bay chalimo ak kidan ki pa nan pake.

C. Faz Reouvèti

- Nou ankouraje Pati Responsab yo a aktivite reouvèti pa faz yo pou ka pèmèt pwoblèm operasyonèl yo rezoud avan pwodiksyon oswa aktivite travay yo retounen nan nivo nòmal yo. Pati Responsab yo ta dwe konsidere limite nonb anplwaye yo, lè, ak nonb kliyan ki disponib pou sèvi lè premye reouvèti a pou ka bay operasyon yo kapasite pou ajiste chanjman an.

D. Plan Kominikasyon

- Pati Responsab yo dwe afime ke yo te revize e konprann konsèy eta a te pibliye sou endistri a, epi y'ap aplike yo.
- Pati Responsab yo ta dwe devlope yon plan kominikasyon pou anplwaye, vizitè, ak kliyan ki genyen ladan l'ensikasyon aplikab, fòmasyon, siyalizasyon, ak mwayen pou bay anplwaye yo enfòmasyon. Pati Responsab yo ka kreye paj wèb, gwoup tèks ak imel, ak media sosyal.

III. PWOSESIS YO

A. Depistaj ak Tès

- Pati Responsab yo dwe mete anplas pratik depistaj sante chak jou pou anplwaye yo epi, kote sa pratik, vandè yo, men depistaj sa yo pa dwe obligatwa pou kliyan ak pèsònèl livrezon yo.
 - Pratik depistaj yo ka fèt a distans (pa egzanp: pa telefòn oswa ankèt elektwonik), avan anplwaye a prezante nan lokal magazen an, nan mezi sa posib; oswa li ka fèt sou plas.
 - Depistaj ta dwe kowòdone pou anpeche anplwaye yo gen nan kontak sere youn ak lòt avan fen depistaj la.

- O minimòm, depistaj tout travayè ak vandè yo ta dwe egzije pou konplete yon kesyonè ki detèmine si travayè oswa vandè a te:
 - (a) gen konesans li te gen kontak sere oswa pwòch nan 14 jou ki pase yo ak nenpòt moun ki te teste pozitif pou COVID-19 la oswa ki genyen oswa ki te genyen sentom COVID-19 la.
 - (b) teste pozitif pou COVID-19 la nan 14 jou ki pase yo; epi / oswa
 - (c) eksprimante sentom COVID-19 la nan 14 jou ki pase yo.
- Pati Resposab yo pa ka mande kliyan yo fè depistaj sante oswa bay enfòmasyon kontak men yo ka ankouraje kliyan yo fè sa. Pati Responsab yo ka bay yon kliyan yo yon mwayen pou bay enfòmasyon kontak pou mete yo nan jounal epi kontakte yo pou rechèch kontak, si sa nesèsè.
- Ale nan ensiy CDC a sou "[Sentom Kowonaviris](#)" (Symptoms of Coronavirus) la pou enfòmasyon ki pi ajou sou sentom ki asosye ak COVID-19 la.
- Pati Responsab yo yo ta dwe egzije anplwaye yo devwale touswit si epi lè respons yo te bay pou nenpòt nan kesyon ki mansyone anlè a yo ta chanje, tankou si yo kòmanse santi sentom, pandan oswa andeyò lè travay yo.
- Anplis kesyonè depistaj la, Komisyon Opòtinite Travay Egal Etazini (U.S. Equal Employment Opportunity Commission) oswa DOH la ka fè verifikasyon tanperati chak jou tou. Pati Responsab yo entèdi pou kenbe anrejistremant done sante anplwaye a (pa egzanp, done tanperati).
- Pati Responsab yo dwe asire ke nenpòt pèsonèl k'ap fè aktivite depistaj, ansanm ak verifye tanperati, pwoteje nòmalman de ekspozisyon a yon anplwaye ki enfekte oswa vandè k'ap antre nan lokal la. Responsab k'ap fè aktivite depistaj yo ta dwe fòme pa moun anplwayè a idantifye ki fanmiye ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA.
- Moun k'ap fè depistaj yo ta dwe gen e itilize PPE, ansanm ak o minimòm, yon mask vizaj, epi ak gan, yon gwo wòb, ak/oswa yon pwoteksyon vizaj.
- Yon anplwaye oswa vandè ki depiste pozitif pou sentom COVID-19 yo ta dwe pa gen aksè pou antre nan espas travay la e yo ta dwe voye l lakay li ak enstriksyon pou kontakte pwofesyonèl swen sante pou evalyasyon ak tès. Pati Responsab yo dwe avize eta a ak depatman sante lokal la imedyatman kote sit la lokalize de nenpòt ka ki pozitif. Pati Responsab yo dwe bay anplwaye a enfòmasyon sou swen sante ak resous pou teste.
- Pati Responsab yo dwe revize repons tout anplwaye ak vandè ke yo te kolekte nan pwosesis depistaj la chak jou epi kenbe yon dosye sou revizyon sa yo. Pati Responsab yo tou dwe idantifye yon kontak antanke pati pou anplwaye yo enfòmè yo si pita yo vin gen sentom ki gen rapò ak COVID-19 la, jan sa note nan kesyonè a.
- Pati responsab yo dwe deziyen yon kontwòlè sekirite kote responsablite yo se asire konfòmite kontini ak tout respè plan sekirite espas la.
- Tout tan sa posib, Pati Responsab yo dwe kenbe yon jounal chak moun, ansanm ak travayè ak vandè, ki ka gen kontak sere ak lòt moun nan espas travay la; san nou pa mete kliyan ak livrezon ki fèt nòmalman ak PPE oswa pa mwayen san kontak. Jounal la ta dwe gen enfòmasyon kontak, pou tout kontak yo ka idantifye, retrace epi alète si yo ta dyagnostike yon anplwaye gen COVID-19 la. Pati Responsab yo dwe kolabore ak efò rechèch depatman santeeta ak lokal la.
 - Pati Resposab yo pa ka mande kliyan yo fè depistaj sante oswa bay enfòmasyon kontak yo men yo ka ankouraje kliyan yo fè sa.

- Pati Responsab yo dwe ale nan "Ensiy pwovizwa pou anplwaye piblik ak prive k ap retounen travay apre enfeksyon oswa ekspezisyon a COVID-19 la" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH la konsènan pwotokòl ak politik pou anplwaye k ap chèche retounen travay apre yon ka COVID-19 yo te sispèk oswa konfime oswa apre anplwaye a te nan kontak pre oswa kole ak yon moun ki gen COVID-19.

B. Trasaj ak Swivi

- Pati Responsab yo dwe alète depatman sante eta ak lokal la touswit apre yo fin enfòmè de nenpòt rezilta tèst pozitif COVID-19 la pa yon travayè nan travay yo a.
- Pati responsab yo dwe deziyen yon kontwòlè sekirite kote responsablite yo se asire konfòmite kontini ak tout respè plan sekirite espas la.
- Nan ka kote yon anplwaye, vandè oswa kliyan ki te entèraji nan biznis la teste pozitif, Pati Responsab yo dwe kowopere ak depatman sante eta ak lokal la pou retrace tout kontak nan plas travay la, e yo dwe avize depatman sante kote sit la lokalize a de tout anplwaye ak vandè / kliyan ki te anrejistre (jan li aplikab) ki te antre nan lokal sèvis manje a nan dat 48 èdtan anvan moun nan te premye gen sentòm oswa teste pozitif pou COVID-19 la, nenpòt sa ki anvan an. Yo dwe kenbe konfidansyalite jan lwa ak regleman federal ak eta a yo egzije a.
- Depatman sante lokal yo ka mete anplas restriksyon siveyans ak mouvman moun ki enfekte oswa expoze yo ansanm ak izolman lakay yo oswa nan karantèn, dapre otorite legal yo.
- Yo egzije anplwaye ke yo alète ki te an kontak sere ak yon moun ki gen COVID-19 e ke yo te alète pa mwayen trasaj, swivi oswa lòt mekanis, pou deklare tèt yo bay anplwayè yo a nan lè alèt la e y ap swiv tout pwotokòl ki dekri epi ke yo fè referans anwo a.

IV. PLAN ANPLWAYÈ

Pati Responsab yo dwe afiche byen klè plan sekirite nan espas la. Eta mete disponib yon modèl plan sekirite pou reouvèti biznis pou gide pwopriyete biznis ak operatè yo nan kreye plan pou pwojete kontwopagasyon COVID-19 la.

Enfòmasyon sekirite anplis, konsèy, ak resous disponib sou:

Sit Entènèt Epidemi Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la
<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi Kowonaviris (COVID-19)
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit Entènèt administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay
<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

Sou lyen ki pi ba a, afime ou te li e konprann obligasyon ou genyen pou w travay dapre konsèy sa a:

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>